

# Selebrasyon Ekselans

19 septanm 2023

Chè kominote kanpis la,

[U.S. News & World Report](#) rekonèt angajman nou pran pou nou atenn ekselans nan domèn edikasyon paske nou asire pozisyon nou yon lòt fwa ankò kòm youn [nan 20 pi gwo inivèsite piblik yo](#). Epi tou nou monte pandan nou depase nèf (9) plas nan klasman jeneral nou an pami tout enstitisyon piblik ak prive yo, nou se nimewo 46 nan klasman jeneral la pami pi gwo inivèsite yo nan tout peyi a. Antou, li te klase 69 pwogram lisans ak metriz/doktora nan 25 pi gwo inivèsite yo nan domèn respektif yo ane sa a.

Ane sa a, U.S. News te fè chanjman nan metodoloji li yo, li mete yon gran atansyon sou mezi ki gen rapò ak mobilite sosyal, rechèch fakilte yo ak siksè nouvo gradye yo—domèn nou bay priyorite epi ki fè ekselans nan yon enstitisyon piblik. Travay nou te fè epi n ap kontinye fè nan plan estratejik nou an, [Fearlessly Forward \(Avanse pi devan san kè sote\)](#), reflekte nan klasman nou yo, soti nan ogmantasyon salè fakilte yo rive nan gwo pousantaj etidyan premye jenerasyon an ki gradye ak etidyan benefisyè Pell yo.

Malgre klasman yo sèvi kòm referans ki chaje ak valè, n ap jwenn siyifikasyon yo nan sa yo reprezante a. Yo pa sèlman senp chif, yo se mezi pwogrè nan investisman nou fè yo: investisman nan pèp nou an ak nan rechèch akademik, pou nou pèmèt bon jan kalite edikasyon aksesib epi abòdab, epi nan rekritman ak efò pou nou kenbe gwoup etidyan divès epi ki chaje ak talan akademik. Nou fyè de travay kominote nou an pou reyalize ekselans nan tout sa n ap fè, epi li ankourajan pou nou wè sa a reflekte nan anpil klasman kote nou monte yo.

Ekselans nan ansèyman, espas travay ak eksperyans elèv yo.

Anons U.S. News sa a make dènye rekonesans angajman nou pou atenn ekselans. Pandan ane ki sot pase a, Maryland te resevwa yon rekonesans remakab pou pwogram akademik nou yo, aktivite rechèch, anviwònman travay ak eksperyans etidyan nou yo. Tankou:

- Nimewo 1 pou [pi bon kolèj pou etidyan LGBTQ+ yo](#) dapre Campus Pride Index.
- Nimewo 7 nan Maryland sou lis *Forbes* [pi bon Anplwayè yo nan chak Eta](#)
- Nimewo 10 pami enstitisyon piblik ameriken yo pou ansyen etidyan nivo metriz/doktora yo ak nimewo 12 pou ansyen etidyan [nivo lisans ki te ogmante](#)


[kapital risk pou demaraj \(startup\) yo](#) nan 10 dènye ane yo, dapre Pitchbook.

- Nimewo 12 pami enstitisyon piblik ameriken yo, dapre [klasman akademik inivèsite mondyal yo](#)
- Nimewo 13 pami enstitisyon piblik nan lis *Forbes* [Pi gwo kolèj ameriken yo](#), li mete aksan sou lekòl ki ofri yon edikasyon ekselan nan bon pri, ki gen etidyan ki fin gradye k ap touche anpil kòb ak lekòl k ap pouse etidyan yo pou yo vin antreprenè ki fè siksè ak lidè enfluyan nan domèn yo.
- Nimewo 14 pami enstitisyon piblik ameriken yo [pou patant yo te bay an 2022](#) ansanm ak lòt enstitisyon sistèm Inivèsite Maryland (University System of Maryland, USM), dapre Akademi Nasyonal Envantè ak Asosyasyon Pwopriyetè Byen.
- Nimewo 16 pami enstitisyon piblik ki ofri pwogram kat (4) ane "Inivèsite ki gen pi bon pousantaj gradyasyon pandan 6 ane pou etidyan benefisyè Pell yo" dapre The Chronicle's Almanac.
- 4-Star [America's Greatest Workplaces](#), dapre Newsweek —youn nan sèlman uit enstitisyon edikasyon siperyè pou reyalize kat zetwal oswa pi plis.



University of Maryland te genyen yon repitasyon kòm youn nan pi bon inivèsite nan mond lan. Klasman eksepsyonèl ak rekonesans sa yo montre fèm angajman nou pran pou kontinye atenn ekselans. Ansanm, klasman sa yo ranpli nou ak yon gwo fyète, nou espere y ap fè w fyè de inivèsite prensipal ou.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is written in a cursive style with a large initial 'D'.

**Darryll J. Pines**

*Prezidan, University of Maryland, College Park*

Li (Pwonon Maskilen)

A handwritten signature in black ink that reads "Jennifer King Rice". The signature is written in a cursive style with a large initial 'J'.

**Jennifer King Rice**

*Vis Prezidan Prensipal ak Dwayèn*

Li (Pwonon Feminen)